

# Sekirize kago ki pi presye ou an.

## Asire w ke chak vwayaj se yon vwayaj ki an sekirite pou pitit ou a.

Kit w ap fè yon ti vwayaj pou ale nan episri a oswa w ap kondwi pou yon vakans familyal, ou konnen ki jan li enpòtan pou pitit ou a an sekirite epi sekirize nan yon chèz machin. Sepandan, pitit ou a ka toujou vwayaje avèk risk, paske yo mal itilize kat sou senk chèz machin.

Verite a sèke itilizasyon yon chèz machin ka lakoz konfizyon. Pandan timoun yo ap grandi, ou bezwen chanje fason yo vwayaje nan machin ou an pou anpeche blesi. Nan chak etap, ou bezwen chwazi bon kalite chèz la pou pitit ou a, enstale li byen nan machin ou an, epi apresya boukle pitit ou a ladan l kòrèkteman.

Se anpil bagay pou sonje, men Biwo Sekirite Otowout la prezan pou ede. Nan bwochi sa a, w ap jwenn eksplikasyon detaye sou sekirite pasajè timoun yo, ki gen ladan fason pou w planifye pou yon Teknisyen Sekirite Pasajè Timoun fè enspeksyon nan chèz machin ou an gratis.

Tanpri pran kèk minit pou asire w pitit ou a an sekirite otank posib.

## ÈSKE PITIT OU A AP VWAYAJE AVÈK RISK?

Yo mal itilize kat sou senk chèz machin.



BOUKLE. RIVE VIVAN DE

## KONPRANN 4 ETAP SEKIRITE PASAJÈ TIMOUN

### 1. Tibebe ki poko gen yon lane



Yon timoun soti nesans rive 2 lane:

- Toujou vwayaje nan yon chèz machin ki bay fas dèyè.
- Toujou vwayaje nan chèz dèyè a.
- Dwe nan yon chèz machin pou timoun oswa dekapotab ki apwopriye pou gwosè a.
- Dwe gen bann anè ki rale byen sou kò a, epi bann yo ta dwe antre nan fant ki sitiye **nan oswa anba zepòl yo**.
- Fòk chèz machin yo a panche nan bon ang fabrikan chèz machin nan endike a.

### 2. Timoun piti yo



Timoun 2 rive 4 lane:

- Toujou vwayaje nan chèz dèyè a.
- Ta dwe vwayaje nan yon chèz machin ki bay fas dèyè (chèz dekapotab) jiskaske timoun nan rive nan wotè maksimòm oswa limit pwa fabrikan chèz machin nan otorize a. Yon fwa timoun nan rive nan limit wotè oswa pwa pou chèz ki bay fas dèyè a, li pare pou vwayaje nan yon chèz machin ki bay fas devan avèk yon anè.
- Dwe gen bann anè ki rale byen sou kò a, epi lè timoun nan ap bay fas devan, bann yo ta dwe pase nan fant ki sitiye **nan oswa anlè zepòl yo**.

### 3. Jenn Timoun yo



Timoun 4 rive 8 lane:

- Toujou vwayaje nan chèz dèyè a.
- Toujou vwayaje nan yon chèz machin ki bay fas devan avèk yon anè jiskaske li rive nan wotè maksimòm oswa limit pwa fabrikan chèz machin nan otorize a.
- Ka vwayaje nan yon chèz boustè yon fwa li depase chèz machin ki bay fas devan avèk yon anè.
- Dwe sekirize nan yon chèz boustè avèk yon senti sekirite pou janm ak zepòl (pa ka itilize yon chèz boustè ki gen senti sekirite pou janm sèlman).
- Li twò wo pou yon chèz boustè lè zòrèy li monte pi wo pase ankadreman chèz la.

### 4. Timoun ki Gen Plis Laj



Timoun 8 rive 12 lane:

- Toujou vwayaje nan chèz dèyè a.
- Vwayaje nan yon chèz boustè jiskaske li rive nan wotè oswa pwa maksimòm fabrikan chèz boustè a otorize a.
- Dwe sekirize avèk yon senti sekirite pou janm ak zepòl lè l ap vwayaje nan yon chèz boustè oswa lè l ap itilize senti sekirite a sèlman.
- Mete senti sekirite pou janm nan sou anch yo, pa mete l sou vant/estomak la.
- Mete senti sekirite zepòl la sou zepòl la, pa mete l sou kou a, epi pa janm mete senti sekirite zepòl dèyè do oswa anba bra.

## Kout Chalè

Nan tout etap yo, yo pa ta dwe janm kite timoun yo poukont yo nan yon machin. Menm nan jou ki kalm oswa ki gen nyaj yo, tanperati anndan machin yo ka rive nan nivo ki mete lavi an danje. Sa pa ede lè yo kite fenèt yon ti kras louvri. Verifye chèz dèyè ou pou timoun yo chak fwa ou soti nan machin ou an. Li kapab sove yon lavi.

## Kalite Mwayen pou Kenbe



**1 YON CHÈZ MACHIN KI BAY FAS DÈYÈ** se pi bon chèz machin pou timoun piti ou an itilize. Li gen yon anè, epi nan yon aksidan, li pwoteje epi deplase ak pitit ou a pou diminye presyon an nan kou ak mwal epinyè timoun nan ki frajil.

**2 YON CHÈZ MACHIN KI BAY FAS DEVAN** gen yon anè ak atach ki limite mouvman pitit ou a pou ale devan pandan yon aksidan.

## Lwa Delaware sou Materyèl pou Kenbe Timoun

- Timoun ki poko gen 2 zan epi ki poko peze 30 liv yo dwe chita nan yon chèz machin ki bay fas dèyè avèk yon anè ki gen senk pati.
- Timoun ki poko gen 4 lane epi ki poko peze 40 liv yo dwe chita swa nan yon chèz machin ki bay fas devan oswa fas dèyè avèk yon anè ki gen senk pati.
- Timoun ki gen laj ant 4 ak 16 lane yo dwe chita nan yon chèz boustè jiska wotè oswa pwa maksimòm fabrikan an endike a epi apresya nan yon senti sekirite.
- Yon premye ofans ap lakoz yon referans bay yon Biwo Sekirite Otowout Estasyon Montaj Chèz Delaware. Nenpòt ofans ki vin apre ap lakoz yon amann \$25.

## N ap ede pitit ou a vwayaje san danje.

Pou asire sekirite pitit ou a, Biwo Sekirite Otowout la ap verifye chèz machin ou an gratis. Kontakte estasyon montaj ki pi pre w la pou pran yon randevou jodi a menm.

**Konte New Castle**  
Wilmington DMV  
Rt. 13 South in New Castle  
Rele oswa voye yon tèks bay 302-256-1123 pou pran yon randevou.

**Konte Kent**  
Dover DMV  
Rt. 113 South in Dover  
Rele oswa voye yon tèks bay 302-387-2324 pou pran yon randevou.

**Konte Sussex**  
Rele oswa voye yon tèks bay 302-242-7107 pou pran yon randevou.  
Y ap detèmine lokal la pandan planifikasyon an.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite pasajè timoun, tankou konsèy sou enstalasyon chèz machin, vizite [www.ohs.delaware.gov](http://www.ohs.delaware.gov) oswa [ArriveAliveDE.com/Secure-The-Kids](http://ArriveAliveDE.com/Secure-The-Kids).**

**3 YON CHÈZ BOUSTÈ** pèmèt senti sekirite a byen chita sou pati ki pi djanm nan kò pitit ou a.

**4 YON SENTI SEKIRITE** ta dwe chita sou pati siperyè kwis yo epi li dwe byen ajiste sou zepòl la ak pwatrin nan pou kenbe timoun nan an sekirite nan yon aksidan. Li pa ta dwe chita sou zòn vant lan oswa atravè kou a.